

Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PREMYE NOUVO SAL DATANT AK PÒT
DELTA YO NAN KAD TRANSFÒMASYON 8 MILYA DOLA Y AP FÈ NAN
LAGUARDIA POU L VIN TOUNEN YON AYEWOPOÙ KI GEN KALIB MONDYAL**

***Kat Nouvo Sal Datant Dènye Kri Delta yo ki Chita nan Mwatye Bò Lès Ayewopò a
ap Ouvri pou Pasaje yo Semèn Pwochèn avèk Bèl Panorama ki bay sou Citi Field
ak Flushing Bay***

***Gran Etap Enpòtan sa a y ap pran nan kad Rekonstriksyon Konplè Ayewopò a - ki
se Premye Nouvo Ayewopò Ameriken depi 25 ane - ap Swiv Premye Sal Datant ak
Pòt nan Tèminal B a yo te Ouvè an Desanm Denyè***

***Amenajman amelyore nan nouvo Sal Datant lan gen ladan konpayi restoran yo pi
renmen nan New York yo tankou H&H Bagels, Birch Coffee, Juice Press ak nouvo
pwojè Mark Iacono, Jess Shadbolt ak Clare de Boer ap antreprann yo***

Reprezantasyon Grafik Ayewopò a yo Disponib [La](#)

***Konsèy Komisè Port Authority a te Otorize Finansman yo Bezwen pou AirTrain
LaGuardia, ki nan Pwosesis Revizyon Anviwònmanal Federal Aktyèlman la***

***Anfendkont, "Yon LaGuardia Tou Nèf" Pral Gen Ladan 2.7 Milyon Pye Kare, 72
Nouvo Pòt k ap nan Sis Sal Datant, De Nouvo Sal Tèminal Arive ak Depa ki
Konekte ak Yon Sal Santral, ak 21 Kilomèt Nouvo Rezo Wout***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti premye nouvo sal datant ak pòt nan nouvo tèminal C Delta Air Lines lan nan kad transfòmasyon 8 milya dola k ap kontinye fèt nan LaGuardia pou l vin tounen yon ayewopò 21yèm syèk inifye. Ouvèti sa a se dènye etap enpòtan nan kad rekonstriksyon konplè Ayewopò LaGuardia a, ki pral ofri pasaje yo yon eksperyans ki gen kalib mondyal ki gen ladan enstalasyon modèn pou kliyan yo, achitekti dènye kri, plis espas nan zòn pòt yo ak yon sistèm tèminal ki konekte. Sèt nouvo pòt ki nan sal datant Delta a yo, ki chita nan bò lès ayewopò a, pral kòmanse sèvi pasaje yo - kote y ap jere 60 vòl pa jou pou al Boston, Chicago ak Washington, DC - apati lendi 4 Novanm. Sa se dezyèm nouvo sal datant nan kad rekonstriksyon konplè a apre ouvèti 18 nouvo pòt sal datant Gouvènè Cuomo te devwale desanm dènye nan Tèminal B a ki chita nan bò lwès ayewopò a an. Anplis de sa, semèn pase a konsèy direksyon Port Authority a te apwouve finansman yo bezwen pou konstwi AirTrain LaGuardia.

"Ouvèti premye nouvo sal datant nan Tèminal C a se yon trè gran etap enpòtan k ap mennen nou yon pa pi pwòch transfòmasyon Ayewopò LaGuardia pou l vin tounen yon pòtay global ki diy de eta sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap konstwi premye

ayewopò ki konplètman nouvo nan peyi a depi 25 ane epi n ap montre rès peyi a ak mond lan ke nou ka anbisye epi reyalize gran pwojè. Anfendkont, nouvo Ayewopò LaGuardia pral ofri pasaje yo yon eksperyans ki gen kalib mondyal gras a tèminal ak sal datant dènye kri tankou kote nou ye la jodi a, nouvo wout ak sikilasyon amelyore, ak 50 pousan plis espas sou tamak la ki pral redui reta nan pòt yo."

Gouvènè a te akonpaye ak Direktè Egzekitif Jeneral Delta a, Ed Bastian, Prezidan Minisipalite Queens lan Melinda Katz ak reprezantan Port Authority New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey) pou yo koupe riban inogirasyon nouvo sal datant lan ki mezire 105,000 pye kare epi ki ofri panorama soti nan planche rive nan plafon ki bay sou Flushing Bay ak Citi Field.

Premye nouvo sal datant Delta ki chita nan mwatye lès LaGuardia reprezante yon lòt pa annavan n ap pran nan kad plan konstriksyon konplèks, plizyè faz nou te elabore pou pèmèt ayewopò a, ki resevwa 30 milyon resevwa chak ane, rete konplètman operasyonèl pandan yo ap rekonstwi tout ayewopò a nèt. Nan kad plan an, yo ap demoli ansyen etablisman yo sèlman tank y ap konplete nouvo etablisman yo, sa ki ap asire ke ayewopò a pa janm pèdi kapasite. Menm pandan konstriksyon, LaGuardia te kontinye tabli nouvo rekò pou kantite pasaje. Yo te anrejistre uit pami 12 jou ki pi chaje nan ayewopò a pandan ete ki sot pase la, epi ane 2019 la nan wout pou l sèvi plis pase 31 milyon pasaje.

Semèn ki sot pase la, Konsèy Komisè Port Authority a te fòmèlman otorize finansman yo bezwen pou devlope AirTrain LGA a, ki pral konekte ayewopò a ak yon nouvo estasyon nan Willets Point ki lye ak sèvis ale-retou Long Island Railroad (LIRR) amelyore nan Vil New York la, k ap ofri tan trajè ki fyab ak previzib epi k ap soulaje fado blokis ak pakin lan pou kominote lokal yo. An me a, FAA te kòmanse fè revizyon anviwònmantral fòmèl pou AirTrain LGA yo pwopoze a, epi otorizasyon pwojè a pral pase nan pwosesis revizyon anviwònmantral federal FAA kontinye fè a.

Gouvènè Cuomo te ouvri premye nouvo sal datant ak pòt nouvo LaGuardia a yo [an Desanm dènye](#) nan Tèminal B a, ki chita sou bò lwès ayewopò a. Gras a anons jodi a ki fè konnen sèt nouvo pòt ap ouvri 4 Novanm, apeprè yon tyè nan tout pasaje yo pral vwayaje pase nan pòt "Nouvo LaGuardia Tou Nèf" la.

Pou vanse angajman Delta pran pou l amelyore eksperyans New York la pou kliyan an yo, sal datant dènye kri, byen laj ki mezire 105,000 pye kare a pral gen ladan enstalasyon modèn ak restoran pami restoran lokal yo pi renmen yo ki gen ladan H&H Bagels, Rossi Pizzeria (Kizinye Mark Iacono ki soti Lucali prepare), Flatiron Tavern & Provisions (Kizinye Jess Shadbolt ak Clare de Boer ki soti King), Birch Coffee ak Juice Press, ke gwoup ospitalite OTG a te òganize. Nouvo espas pòt yo ofri plis espas pou moun chita, teknoloji dirab k ap alimante anpil plòg pou chaje aparèy elektwonik yo ak espas pou pasaje yo repoze yo ak regwoupe yo.

Lè li fini, nouvo Tèminal a pral gen ladan 37 pòt k ap nan kat sal datant ki konekte atravè yon sal resepsyon pou fè anrejistremen, pwèn kontwòl sekirite ak rekiperasyon bagaj ki santralize ak rasyonnalize; wout sikilasyon doub pou avyon yo k ap ede redui anbouteyaj nan pòt yo ak tan avyon yo pase ap tann; yon nouvo, pi gwo Klèb Delta Sky

ak yon teras Sky Deck; plis espas toupre pòt yo epi plis espas komèsyal; epi wout ayewopò ki pi efikas.

Nan nouvo sal datant lan, Delta te enkòpore pano direksyon dijital k ap ofri kliyan yo gid epi yo te ajoute teknoloji bouk odisyon nan tout sal datant yo pou moun ki pa tandè byen yo. Pilòt yo pral remake modènizasyon ki gen nan nouvo sal datant yo tankou sistèm gid pou akostaj vizyèl pou avyon yo k ap ede yo estasyon avyon yo epi otomatikman mete pon anbakman pasaje yo nan pozisyon toupre avyon yo pou amelyore sekirite pandan debakman ak anbakman.

12 megawat kouran k ap soti nan sou-estasyon Con Edision lan pral alimante nouvo enstalasyon an, kote y ap entegre l nan espas etaj ki pa anlè sal datant lan k ap gen kolòn refwadisman, refwadisè, ponp ak lòt ekipman ankò k ap sèvi tèminal la. Yo estoke tout gwo ekipman elektrik ak mekanik prensipal yo nan etaj anlè a pou pwoteje sistèm yo kont domaj dlo nan ka gen yon gwo tanpèt. Sal datant lan gen ladan tou yon sistèm kreyasyon glas ki redui konsomasyon elektrik nan lè ki gen plis demann yo lè li fè glas pandan lannwit, lè demann enèji a pi ba, epi itilize glas la pou rafrechir bilding lan pandan lajounen.

Delta opere plis pase 275 depa nan jounen ki gen plis demann nan sant LGA li a epi konstriksyon te kòmanse pou travay ranplasman Tèminal C ak D yo a k ap koute 4 milya dola an out [2017](#), kote y ap ajoute sou gran jan envestisman konpayi ayeryèn lan ap fè nan ayewopò New York la yo pandan deseni ki sot pase la.

An 2015, Gouvènè Cuomo te devwale pou premye fwa vizyon li genyen pou fè yon redevlopman global nan Ayewopò LaGuardia k ap kreye yon ayewopò ki inifye epi ofri kliyan yo yon eksperyans 21yèm syèk. An Jen 2016, konstriksyon te kòmanse nan pwojè 8 milya dola a, ke y ap finansè prèske detyè pa mwayen finansman prive ak frè pasaje ki la deja yo.

Nan bò lwès ayewopò a, konsòsyòm prive LaGuardia Gateway Partners (LGP) la ap konstwi ak opere nouvo Tèminal B a k ap koute 4 milya dola, pou ranplase tèminal demode a ke yo te ouvri depi 50 tan pase. Nan bò lès ayewopò a, nouvo Tèminal C Delta Air Lines lan ki koute 4 milya dola a, pral gen 37 pòt ototal nan kat nouvo sal datant. Nan kad pwojè redevlopman an, chak nouvo tèminal pral gen ekipman enstalasyon rechaj ak sèvis elektrik sou tèren an pou akomode flòt veyikil elektrik yo.

LGP ak Delta ap peye pou anviwon de tyè nan depans pou redevlopman y ap fè a ak finansman prive, epi Port Authority a te pran angajman pou l bay lòt rès tyè ki rete a - kote y ap itilize pifò ladan pou remanye epi senplifye labirent aktyèl rezo wout ki nan ayewopò a yo.

Nouvo bilding tèminal la pral sitiye pi pre Grand Central Parkway pase tèminal aktyèl yo, sa ki ap ogmante gwosè ayewodwòm yo ka pran epi pèmèt wout sikilasyon doub pou avyon yo, sa k ap redui anbouteyaj nan pòt yo, pandan y ap pèmèt gen plis espas nan zòn pòt yo pou yo ka akomode avyon modèn yo nan fason ki pi efikas. Yo pral entegre teknoloji sekirite modèn yo soti depi nan bòdi a rive nan pòt yo.

20 mwa ki sot pase la yo te enpòtan anpil pou pwojè a tank pwogrè yo t ap akselere. An Fevriye 2018, nouvo pakin Tèminal B a te ouvè avèk 3,200 espas pakin, sa gen ladan plis pase 2,400 espas pou veyikil pèsònèl, ak yon etaj ki konsakre pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo lokasyon yo. An Desanm 2018, Gouvènè Cuomo te ouvè premye nan 18 nouvo pòt ak premye nouvo sal datant nan Tèminal B sou bò lwès ayewopò a, ki sèvi American Airlines, United Southwest ak Air Canada.

Angwo, yo prevwa redevlopman LaGuardia a pral kreye 10 milya dola sou fòm aktivite ekonomik melanje ak 2.5 milya dola sou fòm salè pandan dire pwojè a. Kounye a, kantite lajan kontra Ayewopò LaGuardia tabli ak biznis minorite ak fanm posede (minority and women-owned businesses, MWBE) ki sètifye yo te depase 1.3 milya dola. Nan Tèminal B a, LaGuardia Gateway Partners gen plis pase 853 milyon dola nan kontra ak angajman avèk 279 konpayi MWBE jiskaprezan, epi nan Tèminal C a, Delta gen 510 milyon dola kontra ak angajman avèk 154 MWBE jiskaprezan, lè yo ajoute yo ansanm, sa fè plis pase 1.36 milya dola yo te akòde bay òganizasyon MWBE yo.

Delta se pi gran anplwayè nan LaGuardia kote yo anboche plis pase 1,800 rezidan Queens onivo enstalasyon yo genyen nan LGA ak JFK yo. Gwoup ospitalite OTG a ki se patnè Delta nan nouvo Tèminal C a te deja anboche 120 nouvo anplwaye pou espas komèsyal ki gen nan sal datant yo, epi 80% nan moun sa yo soti Queens.

Anplwaye sa yo pral ajoute sou prèske 400 nouvo anplwaye yo te anboche pou travay nan nouvo sal datant Tèminal B ayewopò a, kote 55 pousan nan anplwaye sa yo se rezidan Queens. Anplis de sa, pwogram Rekonstriksyon LaGuardia a te fè patenarya ak Vaughn College ak LaGuardia Community College pou yo kreye pwogram estaj epi finanse bous detid pou jenès lokal la. Ete sa a, Redevlopman LGA a te finanse yon pwogram edikasyon Lasyans, Teknoloji, Enjeniri ak Matematik (STEM) ki te dire 6 semèn pou 50 elèv lekòl primè yo nan Bibliyotèk Langston Hughes la nan Corona.

Gouvènè Cuomo ak Port Authority a ap kontinye travay avèk pati prenan lokal ak rezidan Queens yo pou garanti biznis lokal yo, MWBE yo ak moun k ap chèche travay yo pwofite nouvo opòtinite ki genyen yo nan kad redevlopman ak kwasans ekonomik Ayewopò LaGuardia a. Mwa Davril la, Gouvènè Cuomo te anonse ouvèti nouvo biwo Konsèy pou Opòtinite nan Ayewopò a (Council for Airport Opportunity) nan Corona. Òganizasyon san bi likratif sa a ofri minorite ak rezidan defavorize Queens lan yo sèvis rekritman ak plasman pwofesyonèl. Pou ede travay sa a kontinye fèt, yo te siyen yon kontra lwaye pou yon biwo kominotè pèmanan nan kad Redevlopman LaGuardia nan East Elmhurst.

Rick Cotton, ki se Direktè Egzekitif Port Authority New York ak New Jersey a, te deklare, "Ouvèti nouvo sal datant ak pòt Delta a yo make yon lòt gran etap enpòtan ankò nan kad redevlopman yon nouvo Ayewopò LaGuardia tou nèf k ap koute 8 milya dola. Transfòmasyon Ayewopò LaGuardia a fè pati angajman Port Authority a kontinye pran pou yo amelyore eksperyans pasaje yo epi ofri vwayajè yo enstalasyon ki gen kalib mondyal".

Senatè Leroy Comrie, Prezidan Komite Pèmanan Sena pou Kòporasyon, Otorite ak Komisyon yo (Senate Standing Committee on Corporations, Authorities & Commissions) te deklare, "Antanke Komite Pèmanan Sena pou Kòporasyon, Otorite

ak Komisyon yo, mwen felisite lidèchip Gouvènè Cuomo ak Port Authority a pou yon aganjman inebranlab yo pran anvè efò pou yo fondamantalman revitalize enfrastrikti transpò esansyèl nou yo. Queens--'Katyè Mond lan' (World's Borough)--merite genyen vrè enstalasyon ki gen kalib mondyal soti nan ayewopò yo pase nan wout rive nan bis ekspres agrandi yo, trajè yon syèj ak sou-estasyon aksesib. Sa fè kè m kontan anpil paske pwojè sa a kontinye pwogrese byen rapid epi mwen atann pou n kontinye fè amelyorasyon reflechi ki akse sou kominote nan konduit la ki pral nan avantaj tout Nouyòkè pandan n ap modènize ak revitalize Ayewopò LaGuardia a".

Manm Asanble Amy R. Paulin, Prezidan Komite Asanble pou Kòporasyon, Otorite ak Komisyon yo (Assembly Committee on Corporations, Authorities and Commissions), te deklare, "Ant reyamenajman konplè sal datant ak pòt Tèminal B a yo ak ouvèti nouvo sal datant dènye kri sa a k ap fèt mwa sa a nan Tèminal C a, avni Ayewopò LaGuardia an ap pran fòm li devan je nou la. Gouvènè a te mete otorite piblik eta nou an yo odefi pou yo livre pwojè enfrastrikti ki gen kalib mondyal k ap nan avantaj Nouyòkè yo ak vizitè yo k ap soti toupatou nan peyi a ak nan mond lan. Patenarya piblik-prive k ap devlope nan nouvo LaGuardia a te leve defi a yon lòt fwa ankò".

Prezidan Minisipalite Queens lan, Melinda Katz, te deklare, "Ouvèti nouvo sal datant ak pòt Delta a yo nan Tèminal C a se yon trè gran pa vè lavan nan kad efò n ap fè pou n konstwi yon ayewopò 21yèm syèk dènye kri ke minisipalite kote l ye a merite. Kreyasyon yon LaGuardia tou nèf vle di tou envesti nan fanmi ak kominote nou yo, pa sèlman nan enfrastrikti, epi Queens kontan anpil paske 80 pousan nan anplwaye yo anboche pou travay nan nouvo espas komèsyal ki nan sal datant lan yo se rezidan minisipalite a".

Direktè Egzekitif Jeneral Delta lan, Ed Bastian te di, "Dezan pase, nou te pran wout pou n konstwi yon enstalasyon dènye kri nan Ayewopò LaGuardia, k ap yon ayewopò ke kliyan nou yo ak moun New York yo merite. Gras a angajman ak travay di ekip Delta ak anpil patnè nou yo te fè, jodi a make kòmansman yon nouvel epòk pou anpil milyon kliyan Delta nan LaGuardia. Kontantman ki gen la palpab epi l kontajye, epi nou deja atann gen plis gran etap enpòtan k ap vini ankò alavni".

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)